Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
# ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 64 (9884) | 13 октябрь | Рузман | 2017 сон

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦIИЯВ НУХМАЛЪУЛЕВ



*3 октябралда Россиялъул Президент Владимир Путинил Указалда рекъон, ДРялъул бетІерасул ишал тІуралевлъун тІамуна Владимир ГІабдугІалиевич Васильев.*

*5 октябралда Владимир Васильев республикаялде вачІана. Аэропорталда гьесда дандчІвай гьабуна республикаялъул Парламенталъул спикер Хизри ШихсагІидовас, ХІукуматалъул председатель ГІабдусамад ХІамидовас ва цогидалги официалиял гІадамаз.*

## САСИКЬА ХIУСЕН АФАНДИ

***К**ьоабилеб гІасруялда рукІарал гІараб цІаларал гІалимзабазда ва тІарикъаталъул устарзабазда гьоркьоб мустахІикъаб бакІ ккола Сасикьа ХІусен афандияс (къ.с.)*

*Гьев гьавуна 1900 соналъ ЦІумада районалъул Ункъракьалда бугеб Сасикь росулъ ва нилъедаса ватІалъана I964 соналъ.*

*ГьитІинго гІелмуялде бугеб рокьиялъ гьев цІализе ана росулъго бугеб Ханмирза ХІажиясул мадрасаялде, гьениб мингьаж абураб тІехь цІалун хадуб, батІи-батІиял гІалимзабазухъе. АнцІила хадуб соналъ гІелму цІалулев вукІун, 25 сон барав чияс цІехола хІакъикъияв тІарикъаталъул устар. Гьедин гьев цІехолаго, ккола КъахІиса устар ХІасан афандиясухъе. Гьес тІаде къабулги гьавун, вирдги кьун, витІула рокъове.*

*ГІемер мехго бачІого, ХІасан афанди хІукуматалъ ккун ун вугин рагІула гьасда. Хадубго хабар щола, ГІасаса ЯгІсубил ГІасави МухІамадие изну кьун бугин. ЛъагІел вирд босун иналде, ХІусен афанди гьесухъе, ай кІиабилев устарасухъе ине ккола. ХІисаб гьабеха, гьел руго I925-26 сонал, росабалъ нухалги гьечІел, машинабиги хьвадуларел. ЦІумада районалдаса вахъарав, КъахІиб (гьанжесеб Шамиль) районалде щвезегІан лъелго ине ккани, жиндир цояв устар ккун индал, жиндие устар тІалаб гьавун. ГІемер мехго инчІого ГІасавиявги анила ккун вачун.*

(Ахир 3-гьум.)

### Общероссийское общественное движение
## «НАРОДНЫЙ ФРОНТ «ЗА РОССИЮ»
### Региональное отделение в Республике Дагестан

**Открыт прием заявок на конкурс журналистских работ «Правда и справедливость»**

Фонд поддержки независимых региональных и местных средств массовой информации «Правда и справедливость», учредителем которого является Общероссийский народный фронт, открыл прием конкурсных работ четвертого Всероссийского конкурса для региональных журналистов. Работы будут приниматься до 12 ноября 2017 года.

Традиционно в конкурсе рассматриваются работы в жанрах журналистского расследования, репортажа, а также посты в социальных сетях. В этом году представлено рекордное количество конкурсных тематик - 13. Это вопросы коррупции и расточительства в области государственных и муниципальных закупок, проблемы неэффективного расходования бюджетных средств, качества услуг ЖКХ, тарифообразования, деятельности управляющих компаний, качества дорог, формирования комфортной городской среды.

Актуальными являются и темы экологии, создания «зеленых щитов» вокруг городов, а также качества оказания услуг в поликлиниках, школах, детсадах, проблемы питания в дошкольных и школьных учебных заведениях, бесплатных кружков и секций для детей, доступной среды. В центре внимания будут также вопросы финансовой грамотности населения, защиты прав потребителей финансовых услуг. В этом году можно присылать работы по молодежной тематике, вопросам трудоустройства студентов, волонтерства и добровольчества.

«Кто такие региональные журналисты? Это люди, которые знают о жизни региона и простых людей порой лучше, чем многие местные чиновники. Это люди, которые меняют жизнь на местах, поэтому они наши партнеры. Каждый год Народный фронт проводит конкурс журналистских работ Фонда «Правда и справедливость» для того, чтобы поддержать их непростой труд, а если где-то нужно – защитить от давления со стороны чиновников. Ведь не всем нравится, когда о проблемах города или села говорят в открытую. Региональные СМИ – это наши коллеги, с которыми мы уже не первый год работаем плечом к плечу», - сказала сопредседатель Центрального штаба ОНФ, депутат Госдумы Ольга Тимофеева.

Прием заявок осуществляться до 12.00 по московскому времени 12 ноября. Представленные материалы должны быть опубликованы или выйти в эфир не ранее 1 января 2017 года. Один журналист или блогер вправе подать не более трех заявок.

Победители конкурса получат персональные премии. Размер каждой будет определен общественным советом.

Подробнее ознакомиться с условиями конкурса, тематикой конкурсных работ и отправить заявку можно на официальном сайте Фонда ОНФ «Правда и справедливость» ***http://pravdaispravedlivost.onf.ru/***.





## Пресс- служба райадминистрации сообщает:



Джавгарат Ахмадудинова, пресс-секретарь

### Заседание оргкомитета Международного турнира на призы Юсупа Абдусаламова



9 октября 2017 года под руководством первого заместителя главы администрации МР «Ботлихский район» Ахмеда Магомедова состоялось заседание оргкомитета, посвященное предстоящему 8 международному турниру на призы серебряного призера и Олимпийских игр Юсупа Абдусаламова. Данный турнир пройдет в селе Ботлих 21-22 октября текущего года. Как отметил начальник отдела по ФК и спорту по делам молодежи и туризму Ботлихского района Темирхан Дибиров. «На сегодняшний день все подготовительные работы идут строго по графику. Практически решен вопрос, как будет организован приезд, размещение участников и гостей турнира, спортивный зал ДЮСШ полностью подготовлен к мероприятию, также идет подготовка территория для парковки машин. В составах команд – по 6 борцов, тренер. Для работы судейской коллегии будут созданы наилучшие условия. На заседании оргкомитета выступили также директор ДЮСШ Магомедгаджи Магомедгаджиев. Он заверил, что, как и предыдущие турниры, восьмой турнир пройдет на высшем организационном уровне. Начальник МКУ управлении культуры администрации МР «Ботлихский район» Лейла Джабраева отметила, что идет подготовка новых красочных музыкальных номеров, которые будут представлены на турнире. Напомним, что ежегодно на базе детско-юношеской спортивной школы села Ботлих Ботлихского района проводят турнир в честь своего земляка – серебряного призера и Олимпийских игр Юсупа Абдусаламова. Турнир проводится с целью дальнейшего развития и популяризации вольной борьбы, а также повышения уровня физической подготовленности, спортивного мастерства и накопления соревновательного опыта. На соревнования допускаются сборные команды районов, городов, субъектов РФ, стран ближнего и дальнего

### Фестиваль футбола под лозунгом «Мы против террора»




С 7 по 8 октября 2017 года в Ботлихском районе прошел фестиваль футбола.

Дружеский турнир под лозунгом «Мы против террора» провели на футбольном поле села Анди. В соревнованиях участвовали более 20 команд Андийской СОШ №1,2.

По традиции фестиваль начался с музыкальной спортивной разминки, и организаторы фестиваля пожелали ребятам побед, спортивной выдержки и удачи.



В завершении турнира все призеры победители были награждены кубками и памятными подарками.

«Руководством муниципального района уделяется огромное внимание развитию массовой физической культуры и спорта, особенно среди детей. Такие мероприятия дают детям новый опыт игр, также во время игры появляются новые друзья , проявляется не только дружеские отношения но и опыт общения», – сказал директор МКУДО «Андийская ДЮСШ» Арсен Гаджиев.

## Учителасе сайгъатгун!

Дагъал церегIан къояз культураялъул рокъоб тIобитIана учителасул профессионалияб байрамалда хурхун концерт. Тадбир бачана культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан НурмухIамад НурмухIамадовас.



Концерт гIуцIиялъе ккараб мурадги бицун гьес рагIи кьуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.

«ХIурматиял учительзаби! районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасул, депутатазул ва дирго цIаралдасан баркула нужеда нужер профессионалияб байрам-Учителасул къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, икъбал ва цебетIей». Гьара-рахъиялъул рагIабиги абун ГI. ГIабдулдибировас хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал чанго учителасе грамотаби кьуна. Хадув кIалъазе вахъана лъай кьеялъул управлениялъул инспектор Шамсудин ГIабдумажидов. ХIурматиял учительзаби нилъер хIалтIи буго кутакалдаса захIматаб, сабруги, гIакълуги хIажатаб. Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго жиндир хIалтIуй свак гьечIеб учителасул къо. РакI-ракIалъ баркула нужеда гьеб байрам янги абулаго гьес, байбихьана хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал учительзабазе грамотаби кьезе. Гьелдаса хадуб культураялъул хIалтIухъабаз лъикIаб цере-рахъин бихьизбуна. Пардав рагьарабго балагьаразда цебе лъуна школалъул цо къо. ТIоцебесеб классги тIоцевесев учительги, гьезул лъай-хъвайги. Аваданго ва кепалда гIуцIараб гьеб сценкаялъ рохалил асар гьабуна балагьаразул рекIелъ . Щибаб росдал школабазда ва садиказда иргадал байрамалги баркун кечI ахIизе цере рахъана культураялъул хIалтIухъаби, «Ботлих» ансамблялъул кьурдухъаби. Хасго рекIее гIуна «Москваялдаса бахIарав» абураб спектаклялдаса босараб гьитIинабго поста-



новка. НурмухIамад НурмухIамадовасулги ПатIимат ХIусейновалъулги церерахъиналъ балагьаразул бадиб битIахъего рохалил магIу хулизабуна. Концерталъе ахир лъуна НурмухIамадица цIалараб гьара-рахьиялъул назмуялдалъун.

**З.МухIамадова**

# САСИКЬА ХIУСЕН АФАНДИ

(Байбихьи 1-гьум.)

Гьанжени щибилан ракIалде ккедал,
Гьевги ккун вачана, хIайран хутIана.
Огь, пакъирав дие ятимлъи щвана,
Керенгун ракIалде курбат ( ургъел) рештIана.

Гьедин хъван буго гьес жиндирго назмуялда.
АскIов инзе хIакъикъияв устар щоларого, заманаги цIакъ хIинкъараб букIун, гьоркьоб жиндир I0 сон анила. Цинги цо гьалмагъ-ас бицанила гьебго КъахIиб районалъул Гьандихъ вугин муршидул камил, кIудияв гIалим ХIумайд афандиян. Гьеб хабар хIакълъидал, сапар бухьанила жинца гьесухъе щвезе. Гьесул божарав цо муридги вачун, тIаде ине изнуги щун, жанире щведал, гьикъа-бакъиги гьабун, жиндир хIалалъухъги валагьун: «Мун дихъе цевего щвезе кколев чи вукIун вуго дир вас, дун сахав вукIаго щай вачIинчIев къачIазе, ай ( хIадуризе)», - ян абуна. « Дида кинго лъалеб букIинчIоха эмен, мун Аллагьас гьеб гьунар кьурав чи вукIин»,- ан дицаги жаваб гьабуна.

Дида гьев ватана тIубарав шайих,
ХIабибасул наиб ХIумайд афанди,
ХIелму цIакъ берцинав, гIамал гьитIинав,
Вихьизе гIажизав, гьунар кIудияв – ан хъван буго жиндир устарасул хIакъалъулъ ХIусен афандица.
Гьев чIаго вукIаго тIатIалаго чанго нухалъ щванила жив гьесухъе, гьес малълъанила тIарикъаталъул киналго макъамалги:

МагIиййат малълъидал изну дий кьуна,
Изнудал кагъатги камил гьабуна.
Жиндихъ Бичас кьураб кIудаб аманат,
Дида кодоб лъуна, кинго течIого.
Агьлулъун гьечIилан дун зигардидал,
Гьелда гIин тIамичIо ритIухъ гьавичIо.
Нурул гьуда ХIумайд хIажат дунги тун,
РакIалда гьечIого накълулъун ккана.
Гьеле гьедин, 40 сониде вахинчIев гIолохъанав чиясда тIадкъан буго гьеб кIудияб гьир - тIарикъаталъул масъалаби. Гьеб заманаялъ ЦIумада, Болъихъ, ГIахьвахъ тIарикъаталъул цоги устарзабиги рукIун гьечIо. Гьесул аза-азар мурид вукIанила батIи-батIиял бакIаздасаян бицуна.
ХIусен афанди вукIун вуго доб заманаялъ рукIарал лъикIал, лъай бугел гIалимзабазул цебесеб кьерда. Гьесул кутакалда хIурматги гьабулеб букIун буго сверухълъиялдаго.
Дидаги, гьитIинав чиясда, гьев чанго нухалъ вихьун лъалаан. Дида цIарги гьес ахIараб бугин бицунаан мунагьал чураяй дир эбелалъ. Ахирияв соназ гьесул чIей районалъул бакьулъ - Агьвали букIана. Бицунаан, замана лъикIаб гьечIого, росулъ муридзаби хьвадулел рихьани зарал ккеялдаса хIинкъун анила дов Агьвали чIезе, тIаде рачIарал росабалъа чагIи, гьалбал ру-гин абуни маслихIат ккелилан.
ЦIакъ досул адаб-хIурмат бугей, берцинай, кутакалда иманияй, жиндир рухI алжаналда батаяй, досул лъималазул эбел хведал ячарай чIужу, - ХIусенил ПатIиматги Агьвалиса йикIана. Щибаб кIалккул моцI гьелъ Сасикь ячIун гьениб балаан. Досул хабадаги щвезе, къаси-къаси таравихIалъул какал разе ресги букIиналъ.
Гьей гьанже нахъа накълулъана.
Гьедин бальгоги гIатунги жинда жиндир устарас тIад кьараб иш нухда бачана гьес гIемерал соназ. Гьев МахIачхъалаялда больницаялда накълулъун росулъ вукъизе восулев чи, ЦIумада гIурухъ гурони машинадул нух букIинчIого, I2 километралъ молода лъун гIолохъабаз вачIана. Малигун цадахъ росулъ цIакъго гIемерав чиги вачIана. Гьеб нухалъ гIадин гIемераб халкъ нижер ро-сулъ киданиги буссун батиларо.
Гьес жинда Аллагьасул къадар щвелелдего жив вукъизе, росдал хабалазда аскIоб букIараб, Денгал ГIабдулкаримил хур босана, хисун цоги хурги досие кьун.
Гьев живго бетIергьанаб хурив вукъана ва 40 къоялъ хабада чадирги чIван, хис-хисун Къуръанги муридзабаз цIалун. Гьеб чадир бахъизегIан гIемерал муридзаби рукIана росулъ. Гьеб хуриб, сверун ахги лъун, гьесул ирсилаз бараб кIудияб хIужра-зиярат буго.
Гьес нилъее нахъе тана бидгIа-табдил (хисизаби) жубачIеб, бацIцIадаб тIарикъат, гIажам мацIалда къасидатал назмабазул кIиго тIехь, гIараб мацIалда хъвараб «Иршаду-ссаликин» абураб ва тIарикъаталъул суалаздаса хъвараб тIехь. Гьеб кIиабилеб тIехь тIубан кодоб щолеб гьечIилан рукIана гьесул ирсилал, цо муридасухъ цIализе кьурал бутIаби рукIун ратилила, нахъ руссинаричIелан.
Гьесул щигIрияб гьунарги букIин бичIчIула, гьес жинцаго кверalъ бацIцIадаб бол мацIалда хъван нахъе тарал, кутакалда пасихIал, назмабазул марсиятазулги кIудияб кIиго тIехьалъ.
Гьес муъминзабазе сайгъат гьабураб, гьабсагIатги ЦIумада мухъалъул магIарухъ ругезги, рехе гочарал росабалъги ахIулеб - мавлидалъ. Лъабабилеб тIехьалъеги гIурал гьесул хъвай-хъвагIаял данде гьарун руго.
Гьедин гIелму цIалулаго цадахъ тIарикъатги гьабун, гьесие лъикIаб лъай щун букIин бихьула, гьесул гIараб мацIалъ гьарурал назмаби туркаби рукIиналъги. Гьеб мацI лъалел чагIаз гIезегIан пасихIго, махшалида гьарун ругин гьелилан абула.
Гьесул кверaлъ, гIарабги гIажамги мацIалда хъварал гьел тIахьал гIемерал гьаризеян, дов накълулъидал муридзабаз,



тIахьал хъвалев чи - Хелекъуриса Чупаласухъе кьун рукIун руго. Гьанже компьютералги цогидабги баккиндал, 2005 соналъ гIажамалдаса гIурус (кириллица) хIарпаздаги буссинабун къватIир риччана лъикIаланго кIудияб тиражалда. Гьелги хеккого лъугIун, гьездаса мунпагIат босулев чиги гIемерлъун, гьелъул кIиабилебги лъабабилебги басмаби къватIир риччана хадусел соназ. Жидер устарасул гьел тIахьал данде гьаризе яхI бахъун буго, досулго маъзун ГIашалиса Тажудин афандияс, гьел басмаялде рахъизе квербакъун буго ЦIияб Костекалдаса щайих МухIамад-хIажи афандияс ва цогидазги.
Гьевги, гьесдаса хадур тарал, гьесул цогидал устарзабазулги цониги бакIалда биценцин гьабуларо. БитIараб гьечIо, Дагъистаналда кинабго СМИ цого чагIазухъ букIин. Газеталги, журналалги, телевидениеги кинабго буго цо рахъалда ругел, ай Саид афандил рукIарал муридзабазухъ кодоб. Цоги устарасул бицараб цониги макъала гьез къватIибги биччаларо.
Гьев ХIусен афандиги, Инхоса ГIабдулхIамид афандиги, цого устарас, -ХIумайд афандияс (къ.с.) изну кьурал чагIи гурищ рукIарал, щайха гьезул муридзаби батIа гьарулел? Гьеб суал дица кьуна гьеб иш тIаде кколел чагIазеги. ЦонигIияс кьечIо гьоркь гьул басулеб жаваб.
Гьев вукъун хадуб муридзабазда гьоркьоб шуш букIана, щивдай дос жиндир иш нухда бачине изну кьун таравилан. Хадуб загьирлъана, гьеб иш Болъихъ мухъалъул гIандадерил ГIашали росулъа Рамазан-дибирасул вас Тажудинида тIад кьан букIин. Доб заманаялъ гьев нижер мухъалда лъидаго лъалев чи вукIун гьечIо. Киналго тамашалъунги рукIана, киндай гьев тарав абун.
Живго Тажудин афандица бицунаан: Чача-налъулъе росугун гочун, рикIкIада вукIарав чиясде, я жинда дун лъаларев, я дида жив лъаларев, гьев ХIусен афандияс чанго нухалъ ругьел бачIана жиндихъе щвезе вачIаян. Кинниги, ахIун вугелъул, анаха дунги. Салам кьун тIаде индал, дида гьев ватана кIудияв гIалимги, тIарикъаталъул устарги, цIакъ хIалимав инсанги. Гьениб цо таважжугьги дие гьабун абуна дида: « Гьаб тIарикъат дидаса хадуб бачиналъул иш дуда тIад кьазе буго», - ян. Дун гьеб агьлуялъул чи гьечIилан лъугьаниги, кинго течIо, гьаб дир амру гурила, ТIадегIанасдаса бачIараб бугилан. НакъщубандиябгI, щазалиябги, жазулиябги, лъабабго тIарикъат малълъизе изнуги кьун, анцIгогIанасеб соналъ гьесухъеги хьвадун, дурус гьабунила кинабго. ЦIакъ аманатги гьабунила, Аварагасдаса(с.а.с) нилъеде щвезегIан бачIараб хIалалъ, щибго хисизабичIого бачизе ккезе бугилан.
Гьаб заманаялъул квешлъиялдеги захIмалъиялдеги балагьун, гьеб цIакъ кIудияб амру бугилан вукIунаан гьев нилъее шапагIат камугеяв.
Гьев Тажудин афанди накълулъун хадуб, гьес жиндирго кверaлъ хъвараб изну кьун тIарикъат малълъизе тарав чи вуго, ЦIияб Костекалда чIарав, Лаваша мухъалъул Санамахиса даргияв МухIамад-хIажи афанди ва, живго бецлъун хадуб цогидасда изнуги хъвазабун тарав, Муцалаулалда чIарав гьезул росдал имам, ЦIумада мухъалъул Метрадаса ТIагьирил Гъамбулат -хIажи афанди,
ХIусен афандил рукIана кIиго ясги цо васги.
Вас МухIамад лъикIаб лъай бугев гIалимчи вукIана. Гьесул вас ХIусен, мунагьал чураяв Хуштадаса кIудияв МухIамадсаййидида цеве гIемерал соназ цIаларав гIалимги, гьанже ЦIияб Костекалдаса МухIамад-хIажи афандияс тIарикъат малълъизе изну кьурав устарги вуго.
Цо яс ПатIимат, ТIинди росасда йикIун, гьелъул наслу доба буго. Атикатин абулей нижер росулъго рукъалда йикIун, гьелъул кIудияб хъизан ЦIияб Сасикь буго.

*Гьаб буго ХIусен афандиясул назмуялъул цо бутIа. Гьелда гьес жиндиего, жиндирго нафс гIодобегIан гьабун суалал кьолел руго, гIайиб чIвалеб буго, хвалие хIадурлъулев гьечIилан, гIибадаталъе кIарчанлъи гьабулеб бугилан. ХIисаб гьабеха, гьединал муршидазулцин жидедаго разилъи гьечIо. Нилъ гьаримазул щибдай букIина?*

## Дин тун дунял бищарав

***Дин тун дунял бищарав, гIибадаталъул хаин,***
***Кидал дур хиял кколеб Халикъасде вуссине.***
***РикIкIун кьурал къоязул пикру гьечIев мун гьарим,***
***Щиб гьабун гьира балеб гьурбаталде къачIазе.***
***Къоял дур дагьлъаниги хьул халатав мунапикъ,***
***Барзахъалда къокъизе къасд щай гьабулареб.***
***ТIагIат гIодобе рехун гIумру лъугIарав мискин,***
***ТIубаларо мун гьедин лъабкъойилъе вахиндал.***
***Хусраналъул рукIкIен ккун щулалъун мун чIаниги,***
***Щвела дуе хвалил лълъар гьекъечIого рес гьечIеб.***
***ЧIового вачIарав чи цо хIалалда толареб,***
***Щиб бицун инзе вугев чIегIер ракьалде жанив?***
***Дунял тун къокъунелъул къваригIина дуй гIамал,***
***ГьабичIеб лъикIлъиялъул даража дуй щвеларо.***
***Гьурмада рас хисидал хисулареб дур гIамал,***
***Кидал хисизе бугеб хьул халатав инсул вас?***
***Берзул канлъи дагьлъидал, гIинде гIинкълъи рехидал,***
***Чорхол къуватги хведал, гIеларищ дуе нугIзал.***
***Гьаб байтулман дуниял, лъиего даимлъичIеб***
***Хира гьарун рижарал, русулалги нахъ течIеб.***
***Кинабго халкъул гIалам жиндий гIоло бижарав,***
***МухIаммад хайрул аннам, гьевги хун инчIищ ракьулъ.***

*РичIчIуларел рагIабазе баян:*
*Хаин-хиянатчи. Гьурбаталде-къватIиб бакIалде сапаралде. Барзахъ-хвараб къоялда-са къиямасеб къо щвезегIан рухIал рукIунеб бакI. Хусран-тамихI зарар.*

**Гьаб макъалаялда хъвараб жоялда дагIба балев чи ккани, гьале дир эл. адрес: saidahmed@mail.ru ва тел.8 903 48I 8I 26.**

**Цебе гIемераб хабар букIана, батIи-батIиял устарзабазул муридзабазда гьоркьоб, гьав хIакъикъияв гурин, дов цояв щивалиго вугин. Гьаб дица хъвараалъул жаваб дица кьола.**

***СайгидахIмад АхIмаднабиев***

# ПРОЕКТ «ЭЛЕКТРОННЫЙ ГРАЖДАНИН»

***В городах и районах республики стартовали акции в рамках проекта Республиканского МФЦ «Электронный гражданин». Сотрудники филиалов МФЦ организовали выездные приемы документов для регистрации граждан на Едином портале госуслуг. Главной целью проекта «Электронный гражданин» - является повышение электронной грамотности населения. В рамках проекта запланирован ряд мероприятий. Начиная с акций в учебных заведений и заканчивая курсами компьютерной грамотности для пожилых людей.***




## Что такое ЕСИА??? Спросит любой из вас

*ЕСИА* - Единая Система Идентификации и Аутентификации, своего рода «универсальный ключ» к ресурсам электронного правительства по всей России. Предназначено, для обеспечения доступа заявителей к электронным ресурсам и услугам.

К сожалению население пока еще не достаточно осведомлено и не привыкли к возможности оформления различных услуг через госпортал, предпочитая стоять в очередях, несмотря на то, что процедура достаточно удобная.

## ХОТИТЕ ЗАРЕГИСТРИРОВАТЬСЯ НА ПОРТАЛЕ ГОСУСЛУГ?

### Но не знаете как?

Процедура очень проста, граждане должны лишь зарегистрироваться на портале государственных услуг Российской Федерации, который находиться по адресу www.gosuslufli.ru.
Также зарегистрироваться на портале госуслуг Вам помогут в центрах МФЦ «Мои Документы» .
Для этого вам необходимо предоставить операторам всего лишь паспорт РФ. Оформление услуги займет не более трех минут.
После оформления услуги заявитель получить на свой мобильный телефон или на электронную почту код активации, с помощью которого у него появляется возможность войти на портал «госуслуги» и воспользоваться всеми предоставленными сервисами
К примеру, с помощью портала можно будет подать различные заявления на получение той или иной услуги:
- информирование о наличии административных правонарушений в области дорожного движения,
- получение загранпаспорта,
- Получение справки о «наличии отсутствии судимости»
- информирование налогоплательщика о состоянии расчетов по налогам, пеням и штрафам,
- прием заявлений, постановка на учет и зачисление детей в детские сады,
- Выписка из лицевого счета ПФР
- Регистрация автотранспортных средств,
- Оплата штрафов

Оформлять услуги на портале госуслуг очень удобно, т.к. заявитель имеет возможность находясь у себя дома, получить любую государственную услугу.
Единственное, что необходимо сделать заявителю – предоставить оригиналы документов при необходимости.
На портале дано описание каждой государственной услуге, включая полное официальное название, требования по срокам оказания, категории получателей государственной услуги, оплата государственной пошлины.

## Электронные услуги со скидкой в 30%

С 1 января вступил в силу новый Федеральный закон (№402-ФЗ от 30.11.2016) «О внесении изменений в статью 333.35 части второй Налогового кодекса РФ». Теперь получая услуги в электронном виде на Едином государственном портале, гражданин оплачивает госпошлину со скидкой в 30%.

Согласно новому закону, 33 органа федеральной исполнительной власти снизили размеры платежей для наиболее востребованных и популярных у населения государственных услуг, таких как оформление загранпаспорта, паспорт гражданина Российской Федерации, регистрация права собственности, постановка автотранспорта на учет и многих других. Всего, на данный момент, в перечень «льготных» вошли 108 услуг. Льгота по уплате госпошлины со скидкой носит временный характер. Согласно федеральному закону, она будет действовать в течение двух лет, до 1 января 2019 года.

Обозначен подробный список необходимого перечня документов по каждой государственной услуге,

Это новшество признано свести к минимуму количество бюрократических проволочек, программа госпортала рассчитана на снижение уровня коррупций и административных барьеров а также повышение доступности получения государственных и муниципальных услуг.

## Колонка прокурора

### Отозвав исполнительный лист, взыскатель больше не сможет продлить срок предъявления его к исполнению

9 июня вступает в силу Федеральный закон от 28.05.2017 № 101-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации». Изменения, внесенные в Федеральный закон от 2 октября 2007 года № 229-ФЗ «Об исполнительном производстве» предусматривают новое правило расчета отдельных сроков в исполнительном производстве

9 июня вступает в силу Федеральный закон от 28.05.2017 № 101-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации». Изменения, внесенные в Федеральный закон от 2 октября 2007 года № 229-ФЗ «Об исполнительном производстве» предусматривают новое правило расчета отдельных сроков в исполнительном производстве.

Изменения касаются случаев, когда исполнительный документ ранее предъявлялся к исполнению, но затем производство по нему было окончено по инициативе взыскателя. Он отозвал его или препятствовал исполнению. По новому закону из срока предъявления исполнительного документа нужно вычитать периоды, в течение которых производство велось по нему ранее.

До того как по этому поводу высказался Конституционный Суд Российской Федерации в постановлении от 10.03.2016 № 7-П «По делу о проверке конституционности части 1 статьи 21, части 2 статьи 22 и части 4 статьи 46 Федерального закона «Об исполнительном производстве» в связи с жалобой гражданина М.Л. Ростовцева», можно было каждый раз после перерыва срока исчислять его заново. Тем самым взыскатель мог продлевать срок на неопределенное время: возвращать исполнительный документ на основании своего заявления, а после предъявлять его снова. Внесенными поправками это запрещено на уровне закона.

**Прокурор района, советник юстиции Д. А. Джабраилов**


ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**
**МР «Болъихъ районалъул администрация**
**учредители:**
**Администрация МР «Ботлихский район»**

БетIерав редактор
**ГI. ГIумаханов**

**Отделалъул редакторал**
**П. Дибирова**
**А. Агъларов**
**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова***
***М. ГIумаханова***

**Наборщица** П. Эльдарова
**Дизайнер** С. Камилова
**Программист** А. Ибрагьимова
**Фотокорр** *Ш.Муртазалиев*

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Школалъулаб къватI*
*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*гIаммаб 2-20-37*
*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*
*Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*
*Тираж -550*
*Индекс-5I349*
*Багьа-6 гъурущ*
*Газета печаталде кьуна I6.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*
*Заказ № _____*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.*
*Регист. ПИ*
*№ I0 - 46I4*



*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*